

TWOKORA IKI KUGIRA DUSONERE UBUZIMA TWONGERE TWIRINDE IBIYAYURAMUTWE N’UKURENZA URUGERO MU KUNYWA INZOGA ?

Bavukanyi, ibiyayuramutwe ni bibi. Ababifata baba bariko barica ubuzima bwabo, baba bariko bararenga ibwirizwa ry’Imana ritubuza kwica rivuga ngo “*Ntiwice*”. Nico gituma nsavye nshimitse abakristu mwese ngo murwanye iyo ngeso mbi. Twebwe abemera Yezu Kristu turabwirizwa kwubaha n’ugukingira ubuzima, nta kintu na kimwe turekuriwe gukora coza kibuhungabanya. Ndabibukije ko ugufata ibiyayuramutwe, ukubirima, ukubicuruza, n’ukubikingira ikibaba twovwirinda rwose kuko ari igicumuro. Vyongeye kandi ndabibukije ko ukurenza urugero mu kunywa inzoga, mu kuborerwa, mu gusesagura ivyo dutunze tukabihereza mu nzoga, ari ibicumuro.

Abavyeyi

Abavyeyi bari mu kibanza c’Imana, Imana ibacako mu kurema no mu kubungabunga ubuzima bw’ibiremwa vyayo. Mu kibanza c’Imana bafise ubutumwa bwo kurerana indero nziza abana yabahaye, bakaba ijisho ry’Imana mu miryango.

Ndasavye nshimitse rero abavyeyi mube akarorero keza mu kudafata ibiyayuramutwe, mu kwirinda kurenza urugero mu kunywa inzoga, mu kwirinda ingeso mbi yo kuboregwa. “*Igitu kigororwa kikiri gito*” kandi “*indero iva hasi*”. Ni murere neza abana banyu mubigishe kwubaha ubuzima bwabo, bamenye ko ubuzima bafise babuhawe n’Imana, ko ari intizo, ko ari Yo ibugaba. Ni mwame hafi y’abana banyu, mu kubaganiriza mubereka urukundo, mubafashe kwiyumvira imigambi yo gutegura kazozo kabo. Mubereke ko uwugiye mu nzira y’ibiyayuramutwe, y’ukurenza urugero mu kunywa inzoga no mu kuborerwa aba ariko arica ubuzima bwiwe na kazozo kiwe.

Urwaruka

« *Umwe wese muri mwebwe akamenya kuzigama umubiri wiwe mu bweranda no mu cubahiro* » (1 Abanyatesalonika 4,4). Rwaruka nkunda, ni mwebwe kazozo k’imiryango yanyu. Nimwirinde ibiryoza umubiri wanyu, biwutesha iteka n’ubuntu bikongera bikawusambura: ukunywa ibiyayuramutwe, kurenza urugero

mu kunywa inzoga, mu kuborerwa, amahane, ugusesagura, ubunebwe, ubusuma, n'ibindi kuko vyose bibicira ubuzima: ni muvyamirire kure kandi mubihunge.

Rwaruka nkunda, ndabasavye mwugurure amaso, mukanure mubone ko hari abantu bamwe bamwe bashaka kubakwegera mu ngeso mbi z'ugufata ibiyayuramutwe n'ukurenza urugero mu kunywa inzoga n'ukuborerwa. Baba bashaka kubatesha kwitwararika kazoza kanyu, kubicira ubuzima Imana yabaremeye “*kuronka ubuzima kandi ubuzima bwuzuye*” (Raba Yohani 10,10b). Abavyeyi, abarezi canke abandi babaruta, bashatse kubacana mu nzira idahwanye n'iyi Imana ishaka, nk'ukwama mu kabare, ukurenza urugero mu kunywa,... murarekuriwe kuvyanka icese.

Rwaruka ni mugire urunani. Muri mwebwe hariho abashoboye kwigobotora bari barazingamitswe n'ibiyayuramute, ukurenza urugero mu kunywa inzoga n'akaborerwe, ni mubafatireko akarorero. Namwe mwashoboye kubivamwo, ni mwegere abo mubona bakiri muri vyo, mubatabare mubafashe kubivamwo. Rwaruka nkunda, naho mwoba mukiboshwe n'ako kabi k'ibiyayuramutwe n'ukuborerwa, muguma muri abana ba Ekleziya kandi nti ibaheba. Ni mugumane “*umwizero udatetereza*” (Raba abaromani 5,5) murabire akarorero ku bashoboye kubivamwo mwumvirize n'impanuro muhabwa n'abavyeyi n'abandi babashakira ineza.

Abandi Imana ishobora gucako

Ndasavye abafise ubutumwa bwo kurongora abandi muri Ekleziya, ko mwoba umuco umurikira abandi; ni mwirinde kandi murinde abandi ingeso zo gufata ibiyayuramutwe, mwirinde ingeso zo kurenza urugero mu kunywa inzoga n'izo kuboregwa.

Nsavye abakristu bari mu nzego zishinga n'izubahiriza amategeko, ko mwoja imbere y'abandi mu gufasha abo mujejwe kwubahiriza amategeko ategakanirijwe ben'abo bantu bamaze kuganzwa n'akaborerwe, ukunywa inzoga zitemewe n'amategeko, ukunywa ibiyayuramutwe, ukurima n'ukudandaza urumogi, n'ibindi ben'ivyo.

Sinokwibagira gutera akamo abafise amabanga yo kuturongora mu ntwaro no mu zindi nzego z'igihugu, ko mwokwitwararika gufata ingingo zikingira abantu mu

bibangamira ubuzima bwabo, murushirizeho kugenzura ko amategako arwanya kurima, guhingura, kudandaza, gukingira ikibaba n’ugufata ibiyayuramutwe, ayarwanya ukurenza ingero mu kunywa inzoga n’akaboregwe ko yubahirizwa kandi akwirikizwa.

Ugusozera

Mu gusozera iyi nyigisho ndabibukije ko ubuzima ari itunga risumba ayandi yose Imana yaduhaye. Nta na kimwe mu vyo dufise kibusumba. Imana mu kuduha ubuzima yabuduhanye ubutumwa bwo kububungabunga n’ibwirizwa ritubuza kubwiyaka n’ukubwaka benewacu.

None rero bakristu nkunda, mwebwe rwaruka namwe bavyeyi, ibiyayuramutwe ni mubigire indahiro. Umuntu cane cane uwa Kristu ntashobora kurondera umunezero mu biyayuramutwe; vyongeye nta buhungiro bw’amagorwa n’ubukene bitanga. Bifutanya ubuzima bw’umuntu, bigartyoza iteka Imana yamuteye ryo kuba umwana wayo mu Mwana wayo Yezu Kristu, muravyirinda kandi kuko ari igicumuro. Ni akaranda kageramiye ubuzima n’iterambere mu rwaruka no mu ngo. Mubituze mu banyu, muvyamirire kure. Ntimubinywe, ntimubirime, ntimubicuruze kandi ntimubikingire ikibaba.

Inzoga nazo nyene niko kw’uko; uwuzigize ubuhizi, akarenza urugero mu kuzinywa no mu kuborerwa ziramwambika ibara zikamugira ikimaramare, zirageramira amagara yiwe, zigasinzikaza ubutunzi n’iterambere mu ngo. Muririnda rero kurenza urugero mu kuzinywa, mwirinde kuboregwa, navyo nyene ni igicumuro.

Muri buno buruhuko, urwaruka mwigire inama yo kwijukira ivyobafasha kuja kure y’ako karanda, muhwanire ku bikorwa no mu biganiro bibafasha kuronka intumbero nyazo z’ubuzima.

Namwe bavyeyi mwame maso muzitire mutaronerwa, mugire umugenzo mwiza wo kuganira n’abana banyu ku mabi afatiye ku biyayuramutwe no ku kurenza urugero mu kunywa inzoga. Vyongeye musengere abana banyu, mubahereze Imana mwifatanya na Bikira Mariya na Yozefu bahereza Yezu i Yeruzalemiu, muyisabe ibuzuze *“ubwitonzi n’ubuntu”* bwayo, ibarinde ayo mabi, igarure n’abamaze kurugwamwo.

Iyi nyigisho muzobandanye kuyizirikanira mu mihari, mu mibano rukristu no mu yindi migwi muhwaniramwo kw'izina ry'ukwemera. Ndangije mbashikiriza umuhezagiro w'Imana: “Imana nyen'uruhoza rwose ni izigame ubuzima bwanyu mu mahoro yayo, yongere ibuzuzemwo ingabirano y'umugisha wayo, ibakingire ibibahagarika umutima vyose, yongere ikomeze imishaha yanyu. Ni ibuzuzemwo ingabirano y'ukwizigira, iy'ukwemera n'iy'urukundo, kugira ngo mubashe guca muri ubu buzima muri ingirakamaro, muzobashe gushikira ubuhirwe budahera”.

Kw'izina rya Data, n'irya Mwana n'irya Mutima Mweranda. Amen

Bigiriwe i Bururi,

Kuwa 18 Mukakaro 2025

+ Salvatori Niciteretse,

Umwepiskopi wa Diyosezi ya Bururi